

Nut gendhing santiswara

Deskripsi Lengkap: <https://lib.ui.ac.id/detail?id=20185762&lokasi=lokal>

Abstrak

Teks berisi daftar nama gendhing-gendhing Santiswara, sebanyak 95 judul (h.ii-vii), ditambah notasi angka serta lirik untuk sebagian dari gendhing Santiswara tersebut. Santiswara ialah sejenis musik yang bernafaskan keislaman dengan menggunakan seperangkat alat musik yang disebut terbang. Untuk keterangan yang mendetail tentang Santiswara sebagai pertunjukkan seni suara Jawa, lihat Pigeaud, Javaanse Volksvertoningsen (Batavia : Volkslectuur, 1938). Pada naskah ini terselip pula sebuah surat yang ditulis oleh Prajakintaka (Prajakenaka?) kepada Dr. Tjan Tjoe Siem, tertanggal 26 Oktober 1939 (h.31-32). Dalam surat ini, Prajakintaka menceritakan tentang sejarah dan perkembangan seni Santiswara itu. Di bawah ini dikutip sebagian keterangannya. Sesorapan kula, saking pangandikanipun swargi uwa B.R.M.H. Sumaningrat, santana dalem riya nginggil, punika putranipun B.K.P.H. Sontakusuma, putra dalem Sampeyan-dalem I.S.K.S. PB V, gendhing santiswara wau sakawit ingkang iyasa inggih Sampeyan-dalem I.S.K.S. PB V wau. Sasurud-dalem lajeng kendel boten wonten ingkang ngagem klangeran santiswara. Sareng jaman-dalem Sampeyan-dalem I.S.K.S. PB VII, B.K.P.H. Sontakusuma kapareng nguluri lalangen santiswara ing saben malem ing tanggal ping 9, dumugi kaping 19, ing wulan Jawi . Sasedanipun K.P.H. Sontakusuma lajeng kendel. Dene titimangsanipun kula boten saged ngaturaken. Ing mangke kula ngaturi katrangan gesangipun malih gendhing santiswara wau. Jaman jumeneng-dalem Sampeyan-dalem Inggang Sinuhun Inggang Minulya saha Wicaksana Kangjeng Susuhunan PB X, kaparengipun swargi Papatih-dalem, K.R.A. Sasradiningrat ingkang mulang uwa B.R.M.H. Sumaningrat wau, wiwitipun nalika malem Jumungah kaping 3 Rabinulakhir tahun Jimawal, onkha 1837, utawi kaping 17 Mei 1907. Kula ingkang kautus ngirit wiyaga kanthi panakawan amongraras. Inggang nampeni piwulang, sareng sampun sami saged lajeng kagem wonten ing Wimbasana sareng sampun sami saged lajeng kagem wonteng ing Wimbasana (Kapatihan) saben sonten, wiwit jam 6 dumugi jam 8. Kaparengipun Papatih-dalem kula kadhawuhan nata apalaning sindhenanipun. Kula pendhetaken saking serat Centhini. Wiwit punika lajeng kathah ingkang sami remen, rare-rare kathah ingkang apal dhateng gendhing santiswara wau, malah nalika malem Jumungah tanggal kaping 27 wulan Jumalidakhir ugi tahun Jimawal, utawi kaping 7 Agustus 1907, wonten kasareng ing karsa dalem, Sampeyan-dalem... PBX mundhut santiswara ing Kapatihan kagem lalangan wonten ing ngarsa pura, wiwit jam 8 dumugi jam 1 dalu. Kula ingkang kadhawuhan ngirit. Lalajenganipun ing saben wonten kasareng dalem mundhut, ugi kula ingkang kadhawuhan ngirit. Dangu dangu kapareng ing karsa dalem lajeng iyasa piyambak. Inggang nindakaken abdidalem wiyaga sarta wiraswara. Kagemipun boten katemtokaken amung saka pareng ing karsa dalem. Ing sajumeneng-dalem Sampeyan-dalem I.S.K.S. PB XI, gendhing santiswara kagem lalangen saben malem Jumungah. Wasan amung samanten anggen kula saged ngaturi katrangan. Naskah ketikan ini dibuat oleh staf Pantoi Boedaja di Surakarta pada tahun 1935, menyalin dari babon naskah SMP/RP-G.17. Penyalinan dibuat sebanyak empat eksemplar. Satu eksemplar dikirim kepada BRANDST Buys, dua eksemplar disimpan Pigeaud (SS.12-13), dan sisanya diserahkan kepada Panti Boedaja (MSB/M.12). Untuk keterangan sejarah Santiswara yang sedikit berbeda dengan versi Prajakintaka, lihat deskripsi naskah SMP/RP-G.17 s/d 20. Menurut naskah-naskah itu, gendhing santiswara

adalah hasil karya Demang Warsapradangga